

# Reponn a Resansman 2020 an

## Mesaj pou Ankouraje Repons pou Nenpòt Piblik

Avan Swit pou Moun ki pa te Reponn	Pandan Swit pou Moun ki pa te Reponn	Dènye Semèn	Pi Lwen Toujou
<p>Gen tan toujou pou moun reponn. Reponn kounye a sou entènèt, nan telefòn, oubyen pa lapòs.</p>	<p>Li pa twò ta pou reponn. Reponn sou entènèt, nan telefòn, oswa lè yon anketè vini frape pòt kay ou.</p>	<p>Sa se dènye semenn pou reponn Resansman 2020 an. Reponn kounye a.</p>	<p>Mèsi pou repons ou!</p>
<p>Reponn sou entènèt kounye a nan <a href="https://2020census.gov">2020census.gov</a> oswa nan telefòn nan 844-330-2020.</p> <p>Oubyen, si ou gen kesyonè Resansman 2020 ou te resevwa pa lapòs la oswa devan pòt ou, ranpli li epi poste li an retou.</p> <p>Pifò kay gentan reponn. Pa rete dèyè: repons pa ou enpòtan.</p> <p>Reponn pou kote ou te abite nan jou 1ye avril la epi mete tout moun ki nòmalman abite la tou, pami yo gen timoun.</p> <p>Ankouraje fanmi ak zanmi ou pou yo reponn si yo pako fè sa deja. Fè yo sonje ke repons pa yo enpòtan.</p> <p>Si nou pa resevwa repons bò kote kay pa ou, yon anketè pa p tann lontan pou pase vizite ou pou poze ou kesyon resansman yo an pèsonn.</p>	<p>Reponn sou entènèt kounye a nan <a href="https://2020census.gov">2020census.gov</a>, nan telefòn nan 844-330-2020, oswa pa lapòs.</p> <p>Reponn pou kote ou te abite nan jou 1ye avril la epi mete tout moun ki nòmalman abite la tou, pami yo gen timoun.</p> <p>Pifò kay gentan reponn. Pa rete dèyè: repons pa ou enpòtan. Fè fanmi ak zanmi ou sonje tou.</p> <p>Yon anketè pa p tann lontan pou pase vizite ou pou poze ou kesyon resansman yo an pèsonn si ou pako reponn toujou.</p> <p>Si yon anketè vini lakay ou, tanpri ede li. Kominote w la bezwen repons ou.</p> <p>Anketè yo sòti nan menm kominote avèk ou. Yo konnen lè yo konte konplètman ak egzakteman konbyen moun ki genyen sa ap bon pou zòn ou an.</p> <p>Ankouraje fanmi ak zanmi ou pou yo ede anketè a si yonn pase vizite yo nan kay yo.</p> <p>Enimeratè yo ap mete kachne epi yo ap respekte machaswiv otorite sante ak sekirite ki nan kominote kote ou rete a yo bay.</p> <p>Si ou reponn san yon Nimewo Idantifikasyon Resansman (<i>Census ID</i>), nou ka vizite ou pou konfime adrès ou epi kolekte repons pa w la an pèsonn. Nou vle fè sèten ke nou konte tout moun nan kote nou sipoze fè sa.</p>	<p>Pa rate chans pou detèmine avni ou: repons pa ou enpòtan.</p> <p>Si ou panse petèt yo pa t konte ou, reponn koulye a sou entènèt nan <a href="https://2020census.gov">2020census.gov</a> oswa nan telefòn nan 844-330-2020 kounye a.</p> <p>Lè ou ap reponn sèvi ak adrès kote ou te abite nan jou 1ye avril la epi mete tout moun ki nòmalman abite la tou, pami yo gen timoun.</p>	<p>Patisipasyon pa ou nan resansman an ap enfòme finansman pou lòt 10 zan ki ap vini la yo pou sèvis ki esansyèl yo.</p> <p>Yo ap pibliye rezilta resansman an yo nan yon tan ki pa twò lwen.</p>

Gade nan "Ajisteman Fonksyonèl nan Resansman 2020 an Akoz COVID-19" pou jwenn dènye orè operasyonèl la sou <https://2020census.gov/en/news-events/operational-adjustments-covid-19.html>.

2020CENSUS.GOV

D-FS-PA-EN-029

Shape  
your future  
START HERE >

United States®  
Census  
2020

## Reponn a Resansman 2020 an fasil, san danje, epi enpòtan

### Li fasil.

- Se sèlman detwa minit l ap pran pou reponn.
- Ou ka reponn sou entènèt oswa nan telefòn nan youn nan 13 lang epi jwenn èd nan anpil lòt ankò. Alse sou <https://2020census.gov/languages.html>.
- Pa t ko janm gen mwayen pi fasil pou reponn poukont ou, swa sou entènèt, nan telefòn oswa pa lapòs—tout sa ka fèt san ou pa rankontre ak yon anketè.

### Sa san danje.

- Repons ou san danje, an sekirite, epi konfidansyèl. Lalwa garanti pwoteksyon enfòmasyon prive ou bay yo.
- Nou pa p pataje repons ou yo ak imigrasyon oswa okenn ajans ki fè respekte lalwa yo.
- Dapre lwa peyi a, sèl mwayen pou yo itilize repons ou bay yo se pou fè estatistik.
- Reponn koulye a ap redui jiska yon minimòm nesosite pou yon anketè fè suivi epi al vizite kay ou pi devan ane sa a.
- Enimeratè yo ap mete kachne lè yo ap fè entèvyou ak moun nan kay yo fas a fas. Entèvyou yo rapid epi yo kapab fèt deyò kay la ak yon distans 6 pye ant oumenm e anketè a.

### Sa enpòtan. Repons pa ou enpòtan.

- Lè ou reponn a Resansman 2020 an nan sikonstans distansyasyon sosyal nou ap viv la, sa fè ladiferans nan byennèt kominote ou epi sa ede detèmine lavni.
- Repons ou ap ede yo kanalize plizyè milya dola finansman federal bay pou ede kominote lokal yo nan zafè swen sante, sèvis ijans, lekòl, pwogram edikasyon, wout, ak lòt sèvis piblik.
- Yo pral itilize rezilta Resansman 2020 yo pou detèmine kantite plas chak eta (state) dwe gen nan Kongrè a ak konbyen reprezantan politik ou yo nan tout nivo gouvènman an.
- Ranpli Resansman 2020 an kounye a la pou kominote pa ou kapab jwenn resous ke yo ap bezwen nan 10 zan ki ap vini la yo.
- Lè yo fè yon kalkil ki egzakt, sa ede kominote yo jwenn resous ke yo ap bezwen pou ijans ak sekou nan sitiyasyon katastwòf.